



Pou Piblikasyon Imedya: 16/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONSTRIKSYON MIZE TIMOUN NAN PAK ETA SARATOGA SPA A KÒMANSE

Etablisman modèn nan pral ranfòse opòtinite pou jèn fanmi nan 'Pak atistik la'

Pwojè a ap respire nouvo lavi nan moniman istorik la

Ou kapab wè desen pwojè a [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse konstriksyon an te kòmanse sou yon pwojè 3.1 milyon dola pou reloje yon Mize Timoun ki amelyore epi elaji nan Saratoga pou ale nan Lincoln Bathhouse istorik la nan Pak Eta Saratoga Spa. Demenajman etablisman an ap double espas li epi ogmante aksè pou envite tout laj. Pwojè sa ap make twazyèm mizi ki rejwenn sistèm Pak Eta Saratoga Spa.

"Youn nan pi gwo priyorite pou administrasyon mwen an se kenbe Eta New York nan ban devan touris la ak tout sa nou genyen pou ofri, epi Mize Timoun lan nan Saratoga bay egzanp objektif sa," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pak Eta Saratoga Spa a te deja sant po vizitè ak lokal klas mondyal ak kilti, pèfòmans ak rekreyasyon anplennè. Avèk Mize Timoun ki ajoute a, nou te ajoute yon lòt atraksyon valab pou ede timoun yo aprann atravè aktivite entèaktif, edikatif."

Mize orijinal la nan Pak Eta Saratoga Spa te vin two gran pou etablisman 8,000-pye kare li a, kote li sèvi 37,000 moun chak ane. Mize a pral okipe 16,000 pye kare nan Lincoln Bathhouse, ki enkli yon lakou enteryè 4,000 pye kare, k ap ofri espas ki elaji pou ekspozisyon ki renove ak aksè konplè dapre Lwa sou Ameriken ki Andikape (Americans with Disabilities Act accessibility). Pwojè 3.1 milyon dola a te sipòte pa donatè prive ak yon sibvansyon 600,000 dola ki soti nan Empire State Development lan. Yo prevwa pou travo yo fini pandan sezon prentan 2022.

Nouvo pwojè a ap fasilite yon patenarya ant Mize a ak òganizasyon ki nan vwazinaj nan pak la, k ap pèmèt li amelyore tradisyon pwogramasyon edikatif ki baze sou lanati Mize a atravè aksè nan 971 ekta santye, kouran ak pye bwa; epi pou devlope òf edikatif la pou timoun 0-13 an. Espas salklas ki pi gran ap pèmèt Mize a sèvi plis moun nan yon fason ki gen espas sosyalman, ansanm ak yon estidyo pou pwodiksyon kontni dijital.

Direktè Egzekitif Mize Timoun nan Saratoga, Sarah Smith te deklare, "Ide pou demenaje nan Lincoln Baths la pa nouvo. Kèk ane de sa, yon manm konsèy te sijere chèche demenaje nan Lincoln Baths. Fòk te gen pandemi an pou ban nou tan ak enèji pou fè pa sa pou lavni Mize a epi pou kreye nouvo opòtinite pou timoun nan Rejyon Kapital la. Nouvo etablisman nou a ak melanj ak Mize Syans ak Teknoloji Timoun yo ap pèmèt nou angaje timoun yo nan aprantisaj manyèl nan Mize a, nan klas ak nan tout kominote nou an."

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Mize Timoun nan se yon resous kiltirèl ak edikatif ekstraòdinè, epi demenajman nan Lincoln Bathhouse la ap ede pote nouvo aktivite nan estrikti istorik sa nan pòtay Pak Eta Saratoga Spa a. Mize Timoun yo se yon bagay ki akeyi pou seri patnè komèsyal ak patnè san bi likratif yo pou ofri yon 'Pak Atistik' k ap pote moun toupatou nan lemond pou gam chwa lwazi, relaksasyon ak eksperyans."

Komisè pa Enterim ak Direktè Egzekitif ak PDG yo deziyen pou Empire State Development lan, Hope Knight te deklare, "Fwaye Mize Timoun nan, nan Pak Eta Saratoga Spa asire ke l ap rete yon destinasyon ki angaje ki akeyi rezidan ak vizitè yo menm jan. Lè li double gwosè li epi demenaje nan Lincoln Bathhouse, mize a ka ajoute nouvo pwogramasyon ki konplete enfrastruktik pak ki egziste a epi atire plis fanmi toujou."

Senatè Daphne Jordan te deklare, "Mize Timoun nan Saratoga a se yon trezò kiltirèl, edikatif, ak lwazi pou kominote nou an. Pwojè ekspansyon 3.1 milyon dola sa - ki sipòte pa donatè prive jenere ak yon sibvansyon enpòtan 600,000 dola ki soti nan Empire State Development - ap abouti sou yon Mize Timoun ki reloje, amelyore epi elaji nan Saratoga pou ale nan Lincoln Bathhouse istorik la nan Pak Eta Saratoga Spa. Ak yon rekò ekselans 32 lane epi k ap livre opòtinite eksperimantal ak aprantisaj manyèl inik, Mize Timoun lan nan Saratoga se vrèman plas kote aprantisaj ak jwèt ale men nan lamèn epi se yon resous kominote a renmen ki ankouraje kreyativite ak imajinasyon. Jan Einstein te di konsènan pouvwa ak enpòtans imajinasyon: 'Imajinasyon pi enpòtan pase konesans. Konesans se limite. Imajinasyon ansèkle lemond.' Pwojè ekspansyon sa pou Mize Timoun nan Saratoga ap ankouraje imajinasyon timoun yo, ede yo ogmante talan ak kreyativite yo pou li ka ansèkle epi benefisye mond lan. Mwen remèsye, Gouvènè Kathy Hochul ak Komisè Pak ak Lwazi Eta New York la, Komisè Erik Kulleseid paske li fè pwojè enpòtan sa vin yon reyalyte."

Manm Asanble Carrie Woerner te deklare, "Mwen te kontan pou ede sekirize finansman pou itilizasyon dinamik yon sit vilnerab. Nouvo ansyen bilding ak pak ki antoure l yo ap genyen tèlman opòtinite pou timoun yo, paran yo ak pwofesè yo pou aprann ak eksplòre. Pwojè a ap bay espas pou timoun ak enstitisyon an devlope epi l ap ogmante opsyon pou rezidan kominote nou an ak tout rejyon an pou pwofite de pak istorik sa."

Estil Beaux Arts-Neoklasik Lincoln Bathhouse, ki te fini an 1930, lan se yon eleman kle achitekti distenktif nan pak la, epi li site kòm yon Moniman Istorik Nasyonal.

Pak Eta Saratoga Spa a akeyi aktyèlman yon estimasyon 3 milyon vizitè chak ane. Anplis Saratoga Performing Arts Center ki rekoni sou plan nasyonal la, SPAC School of the Arts, Mize Nasyonal Dans, Mize Otomobil Saratoga, Gideon Putnam Resort and Roosevelt Baths and Spa, ak Mache Agrikòl Spa City, Pak Eta Saratoga Spa ofri divès enstalasyon rekreyatif ak kiltirèl ki enkli teren gòlf, teren tenis an tè, yon sant edikatif nan lanati, Teyat the Spa Little, kafe ak restoran, ak plizyè kilomèt santye pou mache, kouri, ak monte bisiklèt, tout sitiye nan peyizaj achitekti Moniman Istorik Nasyonal ak 971 ekta divès abita natirèl.

Mize Timoun la nan Saratoga ak Mize Syans ak Teknoloji Timoun nan te reyini ansanm - k ap pote 100 lane eksperyans nan bay aprantisaj inovan manyèl pou timoun ak moun k ap bay swen nan tout Rejyon Kapital la.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la nan Eta New York sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, tèren gòlf, ranp lansman bato ak plis bagay toujou, ki resevwa vizit 78 milyon moun chak ane. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite www.parks.ny.gov, telechaje [aplikasyon mobil NY State Parks Explorer](#) la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Epitou, konekte sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lèt nouwèl ki disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418